

DEPATMAN-DETA ETA NEW YORK - DIVIZYON DISTRIBISYON LISANS

ENFÒMASYON SOU EGZAMEN ESPESYALITE NAN ZONG

*NYS Department of State, Division of Licensing Services, One Commerce Plaza,
PO Box 22001, Albany, NY 12201-2001*

Fason pou Pwograme Orè Egzamen Pratik

NÒT: Ou ka pwograme egzamen pratik ou swa anvan oswa apre ou pase egzamen alekri a avèk siksè.

Ou DWE pwograme egzamen pratik la sou entènèt. Apre nou apwouve aplikasyon ou, n ap voye yon imèl ba ou nan adrès imèl ou bay nan aplikasyon ou. Imèl la ap gen yon lyen kote ou ka pwograme egzamen ou.

Ou dwe peye yon frè \$15 dola nan moman w ap pwograme egzamen ou. Frè sa a pa ranbousab. Si ou bezwen re-pwograme egzamen ou, ou DWE fè sa omwen sis jou anvan dat ki pwograme pou egzamen ou pou pa tonbe anba sanksyon (n ap sezi frè \$15 dola a). Si ou ta dwe anile randevou ou, si ou ta dwe rite anreta nan egzamen pwograme ou, oswa si ou pa vini pou yon egzamen ki pwograme, w ap pèdi frè egzamen an.

Nòt: Si ou prezante dokiman apwopriye pou mande aranjman espesyal pou egzamen yo, yon reprezantan Divizyon Sèvis Distribisyon Lisans (Division of Licensing Services) ap kontakte ou avèk orè egzamen a.

Aksè nan Egzamen Pratik

Pou antre nan egzamen sa a ou DWE pote yon fòm idantifikasyon gouvènman bay ki gen siyati ou epi ki dwe gen foto ou. Idantifikasyon ou **DWE AJOU** (pa ekspire) epi li dwe nan lis ki anba la a:

- Lisans chofè ou
- Idantifikasyon leta bay (egzanp: ID ki pa Lisans Chofè)
- Kat IDNYC (Kat Idantifikasyon NYC)
- ID militè
- Paspò Ameriken
- ID yo Bay nan United States INS
- Sètifika Sitwayènte
- Paspò Peyi Etranje
- ID Konsila Meksiken oswa Ekwatòryen

Ou DWE pran tout randevou yo nan EGZAKTEMAN non ki parèt nan idantifikasyon ou. Sa pa gen dezyèm prenon oswa inisyal dezyèm prenon ladan. Si non fanmi ou gen tirè, tanpri asire ou mete prenon ak non fanmi ou. Si non ou pa menm ak ID ou egzakteman, nou gen dwa pou refize ou antre nan sal egzamen an.

Preparasyon pou Egzamen Pratik Ou

Ou ta dwe rive pou egzamen ou avèk rad apwopriye pou bay sèvis espesyalite nan zong lan. Konsènan aparans ak pwofesyonalis, n ap mande ou pou konfòme ou avèk règleman sa yo:

- 1) Yon rad pwòp ki ka lave avèk omwen manch ki gen longè yon ka obligatwa.
- 2) Soulye fèmèn ak soulye talon fèmèn ki kouvri anlè pye ou (pa twal).
- 3) Evite gwo bijou oswa bijou ki pandye.
- 4) Nou PA bay pèmisyon pou manje chiklèt ni pou itilize telefòn selilè.
- 5) Lave men ou avèk savon ak dlo anvan ou rive.

Ou dwe pote yon modèl vivan nan egzamen sa a. Modèl la kapab swa gason oswa fanm epi li dwe gen omwen 16 zan, li dwe dakò pou respekte tout operasyon obligatwa yo, epitou li dwe kapab resevwa tout pwosedi ki nan egzamen an. Modèl ou dwe gen dis zong natirèl ki pwòp ak an sante, san okenn pwodui atifisyèl; nou rekòmande yon pwen 1/8" lib jiska 1/4" pou asire pi bon rezilta. Tanpri asire modèl ou lave men li avèk savon ak dlo anvan li rive nan sant egzamen an.

Ou dwe pote materyèl ak zouti egzamen pa ou jan sa endike nan lis materyèl la. Si ou pa bay nenpòt nan materyèl ak zouti ki nesèsè yo sa ka lakòz ou pa jwenn pèmisyon pou fè kèk nan metòd egzamen an.

Pwosedi Egzamen Pratik

Egzamen pratik espesyalite nan zong gen ladan yon seri travay ou dwe fè nan yon limit tan yo ba ou pou chak pwosedi. W ap gen obligasyon pou demontre pwosedi sa yo nan peryòd tan ki endike a:

Preparasyon Tab (15 minit)

Maniki Debaz ak Preparasyon pou Lòt Maniki (20 minit)

Aplikasyon ak Fasonaj Pwent (25 minit)

Aplikasyon Kouch (30 minit)

Aplikasyon Akrilik (30 minit)

Aplikasyon Vèni ak Netwayaj (15 minit)

Sa pou fè nan pwosedi egzamen an disponib sou sitwèb nou nan www.dos.ny.gov. Egzamen pratik espesyalite nan zong ta dwe pran apeprè 2 1/2 èdtan pou fini li. Ou dwe konfòme ou avèk pwosedi kontwòl sekirite ak enfeksyon pandan tout egzamen an. Ou dwe fè yon nòt 70 pousan pou pase egzamen sa a.

Enfòmasyon pou Pran Kontak

Ou ka kontakte Inite Egzamen Pratik Depatman-Deta (Department of State's Practical Examination Unit) depi ou rele nimewo (518) 473-2740, oswa pou jwenn enfòmasyon jeneral, rele Divizyon Sèvis Distribisyon Lisans nan nimewo (518) 453-8130. Tanpri ou mèt ale sou sitwèb nou nan www.dos.ny.gov pou jwenn plis enfòmasyon sou distribisyon lisans. Sizoka gen move tan, tanpri tcheke sitwèb nou pou detèmine si n ap bay egzamen ou.

Materyèl ak Zouti ki Obligatwa

Ou dwe pote yon twous ki gen atik ki endike anba la yo. Tout zouti yo dwe netwaye ak dezenfekte davans. Tout pwodui ak materyèl yo pa dwe tounèf, men yo dwe nan resipyan ki kouvri a make (*yo dwe make an Anglè*). ***Nou ankouraje ou pou itilize ekipman pwoteksyon pèsònèl ou (sètadi, mask, gan, linèt pwoteksyon, elatriye), men sa pa obligatwa.***

1. Ajan dezenfektan sifas ki melanje davans, ki asosye avèk endistri a, ki make kòm sadwa (gen ladan non pwodui a) epi nan boutèy espre
2. **Ajan dezenfektan zouti** ki melanje davans, tankou sa yo itilize nan lopital, ki asosye avèk endistri a, ki make kòm sadwa (gen ladan non pwodui a) epi nan resipyan apwopriye
3. Ajan pou dezenfekte men oswa espre pou men (nan anbalaj orijinal, ki make)
4. Yon boutèy espre plastik ki plen dlo
5. De resipyan kouvri ki make "pwòp" ("clean") ak "sal" ("dirty"): youn pou estoke ak pote zouti pwòp yo; youn pou pote zouti kontamine yo
6. Kouch primè akrilik
7. Poud akrilik (blan ak klèrèt/natirèl) ak monomè akrilik (4 ons) ak konngout pou zye

[Nou PA aksepte pwodui pou trete dlo]

ENPÒTAN: Apati 1ye novanm 2001, itilizasyon MMA ak nenpòt pwodui ki gen MMA entèdi fòmèlman pou itilizasyon nan sèvis zong nan Eta New York epi nou P AP aksepte ou itilize yo nan egzamen sa a.

8. De fòm zong (metal oswa papyè)
9. Bwòs zong akrilik
10. Lim (gwo sye, mwayen, ak fen)
11. Poliswa twa tèt ak/oswa blòk tanpon
12. Pwent zong konplè ki an sante (omwen - 12)
[Nou PA aksepte koup oswa pwent fransè]
13. Adeziv (yo) pou zong
[Nou PA aksepte randui avèk bwòs]
14. Sistèm fib vè: jèl rezin pou bay kouch (bann sis pous; PA koupe gwo zong lan anvan egzamen an), ak aktivatè/akseleratè
[Nou PA aksepte randui avèk bwòs]
15. Swa ki pa adeziv (bann sis pous; PA koupe gwo zong lan anvan egzamen an)
16. Fèy plastik senk pous pa senk pous pou peze twal la nan zong lan (*pa obligatwa*)
17. Pwodui pou retire vèni a - 4 ons (asetòn oswa ki pa asetòn)
18. Bwa zoranj (apeprè 2-5)
19. Twa (3) gòdèt Dappen oswa ti vesò pou mete likid ak poud akrilik la
20. Vèni krèm wouj
21. Kouch baz ak kouch anlè (ka se menm pwodui a sèlman si li klèrèt)
[Nou PA aksepte randui krèt]
22. Rens dwèt (nou pa aksepte resipyan ranplasan)
23. Koton (ki fèmen nan sache plastik ki ka kachte)
24. Lenjèt zong ki pa gen fib (*pa obligatwa*)
25. Sizo pou koupe twal ak tay pou pwent zong
26. Sòlvan oswa adousisè kouch po
27. Krèm oswa lwil pou men (pou masaj)
28. Lwil pou kouch po ak/oswa krèm pou kouch po
29. Pouswa kouch po
30. Bwòs zong pou maniki sentetik
31. Moso twal (*pa obligatwa*)
32. Sèvyèt papyè pou jete apre itilizasyon (apeprè 6)
33. Sache plastik ki ka fèmen ak adeziv pou dechè
34. Espre antiseptik pou zong
35. Sache plastik ki ka fèmen ak resipyan solid sizoka gen aksidan kontaminasyon san
36. Atik Premye Sekou (2-3)
37. Poud estiptik oswa likid
38. Lanp ki gen pens epi ki fonksyone avèk pil (*pa obligatwa*)*

***Anviwònman pou Egzamen an**

Tanpri sonje akòz anpil kote nou itilize toupatou nan Eta New York pou egzamine moun ki aplike yo, gen diferan anviwònman egzamen ki egziste. Tout moun ki aplike yo ap resevwa espas pou mete tab pou yo fè pwosedi ki obligatwa yo; men kondisyon tankou ekleraj la ka diferan. Poutèt sa, pou asire ou gen ekleraj kòm sadwa pou fè pwosedi ki obligatwa yo, w ap jwenn pèmisyon pou pote yon lanp ki gen pens epi ki fonksyone avèk pil.

Rezilta Egzamen yo

N ap fè ou konnen nan imèl lè rezilta egzamen an disponib. Ou dwe konekte nan kont Sant Lisans Eta New York (NYS License Center) ou pou wè rezilta yo anba seksyon egzamen. Moun ki aplike epi ki pase egzamen ekri ak egzamen pratik la, ap resevwa yon Lisans Espesyalite nan Zong Eta New York. Si ou pa pase egzamen an, ou dwe konekte nan kont Sant Lisans Eta New York ou pou pwograme yon lòt egzamen. Nou P AP bay rezilta yo nan egzamen an oswa nan telefòn. Ou pa ka konteste rezilta egzamen an.

Fason pou Mande yon Analiz

Si ou pa pase egzamen an, ou ka mande yon analiz egzamen pratik ou. Yon analiz se yon rapò oswa yon repatisyon nòt egzamen pratik ou pou ede ou idantifye pwen fò ou ak pwen fèb ou. Ou dwe mande yon analiz nan 60 jou apre dat egzamen ou. Ou p ap bay analiz yo pou moun ki fè yon nòt pasaj nan egzamen pratik la.